

## Uburenganzira bwawe nk' umunywanyani w' Ibiro m' Ubuyobozi Muvyerekeye Ubumuga bw' Igikuriro

### Your rights as a client of the Developmental Disabilities Administration

Uburenganzira kwasiguwe musibwo burenganzira bw' imiburuburi bwemezwa kuronswa kubanywanyani bose bubwo buyobozi, kandi ntibivana niviyumviro vyo kugabanya uburenganzira busiguwe muyandi mategeko y' izindi reta yizindi ntara canke amategeko ya reta y' unzubumwe bishoboka ko harimwo ubundi burenganzira bw' iyongera.

- (1) Ubuyobozi butegerezwa kumenyeshya umunywanyani hamwe n' uwumuserukira avyemerewe n' amategeko canke uwumuserukira nkenerwa mukuronswa ubutumwa bw' imigambi bwanditswe mu vyerekeye ayo mategeko asiguwe ikigabane ca 71A. RCW, itegeko ryo muri 2020 mugihe c' ukugena umunywanyani ko ari muntu afise amahirwe y' ukuyemererwa. Itangazo ubuyobozi butanga ritegerezwa kuba riri mubwoko bw' inyandiko. Ubuyobozi butegerezwa kubika munyandiko igenekerezo iryo tangazo ryasabiweko muriki gihimba co musibwo ca tanzwe.
- (2) Uburenganzira butegerezwa kumenyeshya umunywanyani kandi n' umuserukizi w' umunywanyani avyemerewe n' amategeko canke uwumuserukira nkenerwa mukuronswa ubutumwa bw' imigambi bwanditswe mu vyerekeye ayo mategeko asiguwe ikigabane ca 71A. RCW, itegeko ryo muri 2020 mugihe c' ukugora isuzumwa ry' umunywanyani. Itangazo ubuyobozi butanga ritegerezwa kuba riri mubwoko bw' inyandiko. Ubuyobozi butegerezwa kubika munyandiko igenekerezo iryo tangazo ryasabiweko muriki gihimba co musibwo ca tanzwe.
- (3) Umunywanyani afise uburenganzira bwo kw' igenga hamwe no gukora iviyumviro bwite mukwigenga mubivuye muvyiyumviro vy' uwutanga infashanyo. Bino birimwo uburenganzira bw' umunywanyani mu:
  - (a) Kwigenga mugukorerwa amabi y' ivyigitsina, amabi y' ugukubitwa, hamwe n' ugukorerwa amabi azanira ingaruka zindwara zo mumutwe, guhanwa mugukorerwa amabi y' umubiri, hamwe n' ukwugarigwa munzu mugukorerwa amabi;
  - (b) Kugira uburenganzira bwo kwigenga muvyerekeye ugukorerwa ikumirwa bivanye n' ubwoko, urukoba, ikwizera, igihugu c' amavuko, idini, igitsina, ubumuga, ibihagararo m' ukwubaka canke umuryango, ikiranga gitsina, canke iviyumviro mubijanye n' igitsina;
  - (c) Gufata icyumviro kuvyerekeye ubwoko bw' ibipfungurwa bihari bijanye n' ubushobozi bw' umunywanyani hamwe n' umugambi w' infashanyo;
  - (d) Kubonana n' ingenzi muhira iwe n' umunywanyani hamwe n' ukwifatanya n' abantu umunywanyani yitorera kandi bifatiye kumbibe nkuko bikorerwa ikiganiro n' ababanyo bo munzu buyo munywanyani;
  - (e) Kugenzura ibirangamisi vy' umunywanyani hamwe nugucagura ibikorwa, ibirangamisi, hamwe n' ibungabunga ry' amagara bikwiza ibikenewe vy' umunywanyani;
  - (f) Amakuru yerekeye ukuvurwa bisabwa n' umufasha atanga infashanyo z' ibungabunga ry' amagara y' umunywanyani hamwe n' ugufasha mugutegura uko iryo vurwa rizokorwa;
  - (g) Kwigenga kumiti atari nkenerwa, ukwigumya, hamwe n' ibintu biburabura mubuzima;
  - (h) Gutora mumatora, kw' ifatakanisha mubikorwa vya demokarasi, hamwe n' ugushigikira abantu m' ugutorwa kurangura amabanga yo mubiro;
  - (i) Gukoresha neza amafaranga y' umunywanyani canke gutora umuntu wo gufasha;
  - (j) Kuba mubagize umuryango;
  - (k) Gufata ingingo kuvyerekeye ubuzima bw' umunywanyani;
  - (l) Gutora inyambaro umunywanyani yambara hamwe n' umuderi w' imishatsi y' umunywanyani;
  - (m) Gushira ibikoresho hamwe n' ugushariza icumba c' uburaro c' umuknywanyani bivanye nibishimisha uyo munywanyani canke gushira ibikoresho hamwe n' ugushariza inzu y' umuknywanyani bivanye nibishimisha uyo munywanyani ariko bijanye n' amasezerano mukiganiro c' ababanyo bo munzu b' umunywanyani;
  - (n) Kurondera akazi kariha umushahara;
  - (o) Kuronka infashanyo umunywanyani yemeye guhabwa;
  - (p) Gufata ingingo yo kwifatakanyisha n' ukutifatakanyisha m' ubushakashatsi inyuma yuko ubwo bushakashatsi kwasiguwe k' umunywanyani, kandi inyuma yuko umunywanyani canke umuserukizi w' umunywanyani bahawe inyandiko y' amasezerano yerekeye umunywanyani kw' ifatakanyisha muri ubwo bushakashatsi; kandi
  - (q) Kugira ubwigenge mugukorerwa inabi muvyerekeye ubutunzi.
- (4) Umunywanyani afise uburenganzira bwo kwifatakanyisha m' umugambi w' ubuyobozi m' ugutegura infashanyo. Bino birimwo uburenganzira bw' umunywanyani mu:
  - (a) Gutonga kanda agatanga iviyumviro kumigambi y' infashanyo z' umunywanyani yanditswe n' ubuyobozi hamwe n' abatanga infashanyo;
  - (b) Guha uburyo nyamukuru kuyobora ibikorwa vy' ugutegura imigambi;
  - (c) Gushira mubikorwa vy' imigambi iviyumviro vy' umunywanyani muvyerekeye akamaro kubuzima hamwe n' intumbero z' umunywanyani muvyubumenyi, akazi, uburaro, imibano, hamwe n' ibikorwa vyo kwinezeza;
  - (d) Gutora umuhagararizi kwifatakanyisha hamwe n' umunywanyani mubikorwa vyugutegura imigambi; kandi
  - (e) Guhabwa uburyo bwo kuronka amakuru ahari hamwe nayukuri kuvyerekeye ibikorwa vy' ukwinezeza, ubumenyi, hamwe n' amahirwe ahari y' akazi mumiryango ituye hamwe y' umunywanyani.

- (5) Umunywanyani afise uburenganzira bwo kuronka amakuru yerekeye imfashanyo hamwe n' ibungabungwa ry' amagara. Bino birimwo uburenganzira bw' umunywanyani mu:
- (a) Gusubiramwo gusoma ikopi y' imigambi yose y' imfashanyo z' umunywanyani;
  - (b) Gutunga kopi z' imigambi y' imfashanyo zubu z' umunywanyani;
  - (c) Gusubiramwo amakopi yamategeko ngenderwako hamwe n' ibikorwa vyo kumfashanyo iyariyo yose umunywanyani aronka, igihe icarico cose. Bino harimwo amategeko n' ibikorwa vyerekeye ukuntu umunywanyani ashobora gusohora dosiye yikirego k' umufasha canke kugisata c' imfashanyo;
  - (d) Kwitondera ibiva m' ubushakashatsi bw' igisata bw' amakuru buheruka canke isuzumwa rikorwa n' abashakashatsi ba reta canke abagenduzi, inyandiko z' igisata c' ubuvuzi, n' imigambi y' ugukosorwa mugushira mungiro m' ukwubahiriza umufasha w' umunywanyani hamwe naho umunywanyani aba. Uwutanga imfashanyo z' umunywanyani ategerezwa gufasha umunywanyani mukugena ubuturo hamwe n' ukuronka aya makuru mugihe umunywanyani abisavye; kandi
  - (e) Kuronka itangazo ryanditswe ry' ingingo z' ibikorwa vy' amategeko zishizwe mungiro n' igisata zirega uwutanga imfashanyo z' umunywanyani. Umukuru wa dosiye m' ubuyobozi canke uwashinzwe ategerezwa gutanga itangazo k' umunywanyani hamwe n' umuserukizi w' umunywanyani canke uwumuserukira nkenerwa mukuronswa ubutumwa bw' imigambi bwanditswe mukiringo c' iminsi mirongibiri, ukuyemwo wikendi n' imisi yakaruhuko mumategeko, kuva igenekerezo ryiyo ngingo ifatiweko. Kuntumbero zijanye niki gihimba co musi y' umutwe, u "mufasha" bisigura buri umurwi utanga imfashanyo z' uburaro buhabwa k' umunywanyani bikurikiranwa canke vyasezeraniwe biciye mugisata c' ubuyobozi. Ingingo y' amategeko isaba iri tangazo harimwo;
    - (i) Ubumeremere bushirwa kuri ceti canke uburenganzira bw' uwutanga imfashanyo;
    - (ii) Guhagarika canke imbibe zughagarika inyandiko z' ukurungikwa canke z' ukwandikwa;
    - (iii) Agahato ko kuba ufise icete c' agateganyo canke gukuramwo kw' icete; canke
    - (iv) kwankirwa, guhagarikwa, canke gukuramwo uburenganzira canke icete.
- (6) Umunywanyani afise uburenganzira bwo kwuguruza dosiye y' ibirego hamwe n' umubabaro kuvyizerwa ko arubugizi bwa nabi, kandi n' uburenganzira bwo gusaba isubirwamwo kungingo zifatwa. Bino birimwo uburenganzira bw' umunywanyani mu:
- (a) Saba isubirwamwo ingingo iyariyo yose ihakanwa n' igisata, igisata kigabanya, canke ingingo yughagarika amahirwe y' umunywanyani, imfashanyo, canke icyumviro c' umufasha nkuko bisiguwe mw' itegeko rya reta y' unzubumwe muri asuransu y' amagara ya Medicaid hamwe n' amategeko y' imfashanyo z' abanyagihugu muri reta y' intara;
  - (b) Tanga k' umufasha w' umunywanyani ibirego vy' ivyiyumviro vy' ukwidodomba bijanye n' imfashanyo z' umunywanyani canke ibindi birajishingi. Muri bino harimwo, ariko bidafatiye kumbibe ku, birajishinga muvyerekeye inyifato z' abandi bantu batuye aho umunywanyani aba. Umufasha ategerezwa kugumana inyandiko y' ibwirizwa ry' amategeko ry' igikorwa c' ikirego c' ukwidodomba kirimwo ikirangabihe hamwe nibishoboka mukubifatira umuti. Mugihe ubwidodomvyi budafatiye umuti, umufasha ategerezwa gutanga k' umunywanyani amakuru yerekeye ukuntu kwo gushikiriza ibirego vyukwidodomba kugisata c' ubuyobozi;
  - (c) Sohora dosiye y' ibirego n' ubwidodomvyi kubidakorwa neza, kandi saba isubirwamwo ry' ingingo ataguhanywa canke ngo guhoterwa n' igisata c' ubuyobozi canke abafasha; kandi
  - (d) Ronka amakuru mubikorwa vy' ugusaba isubirwamwo ry' ingingo yerekeye ukuntu uburaro butangwa kubafise ubumuga.
- (7) Umunywanyani afise uburenganzira bw' ubuzigamyi n' akabanga. Bino birimwo uburenganzira bw' umunywanyani mu:
- (a) Ubuzigamyi bw' umuntu n' akabanga kumakuru yerekeye umunywanyani;
  - (b) Ganira mumwihereho, harimwo uburenganzira bw' ugutuma no gutumirwa amakuru biciye kugasandugu kamakete hamwe n' urubuga ngurukanabumenyi bwa imeli, kandi n' uburenganzira bwo gukoresha telefone mubice aho umuntu ashobora gukoresha telefone atawundi muntu ariko aramwumviriza; kandi
  - (c) Bonana no kuganira mumwihereho n' abagenzi n' umuryango b' umunywanyani.
- (8) Umunywanyani afise uburenganzira mugihe co gusohoka, kwungururizwa ahandi, canke igihe c' uguhagarika imfashanyo zashizwe mungiro muri kino gice c' umutwe w ibirimwo.
- (a) Abanywanyani bafise uburaro bw' ibungabungwa ry' ikiringo kinini munyubakwa bihabwa uburenganzira n' amategeko musi y' umugabane [18.20](#), [72.36](#), [70.128](#) RCW ifise uburenganzira bwasisiguwe muri [RCW 70.129.110](#).
  - (b) Umunywanyani ahabwa imfashanyo z' uburaro mumiryango vyemejwe n' amategeko afise uburenganzira bwo:
    - (i) Kugumana n' umufasha w' umunywanyani. Imfashanyo zitegerezwa kudahagarikwa kiretse mugihe umufasha abigenye kandi avyanditse ko:
      - (A) Umufasha adashobora gukwiza ivyo umunywanyani akeneye;
      - (B) Umutekano w' umunywanyani canke umutekano w' abandi bantu bari munyubakwa canke uburaro bubangamiwe;
      - (C) Amagara y' umunywanyani canke amagara y' abandi bantu bari munyubakwa canke uburaro ataruko buba bubangamiwe; canke
      - (D) Umufasha ahagaritse imirimo yiwe.

(ii) Guhabwa itangazo ry' inyandiko rivuye k' umufasha kuvyerekeye ugushobora guhagarika imfashanyo n' imiburiburi imisi mirongitato imbere y'iyeho hagarikwa, kiretse mugihe hari itabarizwa ry' ihuta muvuyerekeye amagara n' umutekano bisaba guhagarika imfashanyo, bisigura ko itangazo ry' inyandiko ritegerezwa gutangwa n' imiburiburi kumasaha mirongirindwi n' abiri imbere y' igenekerezo ry' ihagarikwa ry' imfashanyo. Itangazo ritegerezwa guhabwa umunywany hamwe n' umuserukizi avyemerewe n' amategeko canke uwumuserukira nkenerwa mukuronswa ubutumwa bw' imigambi bwanditswe. Iryo tangazo ritegerezwa kuba ririmwo:

(A) Imvo n' imvano z' ihagarikwa ry' imfashanyo; kandi

(B) N' igenekerezo ry' ugushira mungiro iryo hagarikwa ry' imfashanyo.

(iii) Guhabwa umugambi w' ukwitegura n' imiburiburi imisi ibiri imbere y' ugushira mungiro igenekerezo ry' uguhagarika imfashanyo, canke mugihe iryo hagarikwa ryari rifatiye kwitabazwa ry' amagara hamwe n' umutekano ahabwa umugambi w' ukwitegura mukiringo c' iminsi ibiri c' ironswa ry' ubuyobozi itangazo ry' inyandiko ryerekeye itabazwa ryihutirwa guhagarika. Ubuyobozi butegerezwa gutanga uwo mugambi k' umunywany hamwe n' umuserukizi w' umunywany avyemerewe n' amategeko canke uwumuserukira nkenerwa mukuronswa ubutumwa bw' imigambi bwanditswe. Mumugambi hategerezwa kuba harimwo:

(A) Ikibanza caho uyo munywany azokwungururizwa;

(B) Uburyo bw' ukwunguruzwa buzokoresha mukumujana mukibaza gishasha; kandi

(C) Izina, aderesi, na numero za telefone vy' ibiro vy' irajishinga muvuyerekeye ubumuga bw' igikuriro.

(c) Umufasha atanga imfashanyo kubanywany muburaro butunzwe n' uwo mufasha ategerezwa gukurikiza ibikorwa vyo guhagarika imfashanyo imbere yo gutangura gufata ingingo iyariyo yose itajanye n' amategeko musi [RCW 59.12.030](#).

(9) Umunywany afise uburenganzira bwo kuronswa abamuhagarari. Umunywany afise uburenganzira bwo kuronka amakuru avuye mubahagararizi bakora nkabaserukizi b' umunywani, kandi n' uguhabya amahirwe n' uburyo bwo gukora ibiganiro nabo bahagararizi babimufashamwo. Umufasha ategerezwa kutinjira muvuyerekeye ukuronswa k' umunywany kuvyarivyo vyose vyibi bikurikira:

(a) Umuserukizi uwariwe wese wo muri reta y' intara;

(b) Umuganga wuwo munywany bwite;

(c) Abakurikirana ibirajishinga muvuyerekeye ubumuga bw' igikuriro; canke

(d) Umuserukizi uwariwe wese w' ishirahamwe ryashinzwe gushira mungiro umugambi w' ugukingira hamwe n' ugushigikira hakurikijwe itegeko rya [RCW 71A.10.080](#).

(10) Mugihe umunywany ari musi y' ingingo ya sentare y' uburezi bw' ugukingirwa hakurikijwe ikigabane camategeko ca [11.88 RCW](#), uburenganzira bw' umunywany musi y' ikigabane ca 71A. RCW, itegeko ryo muri 2020 bikorwa n' umurezi w' umunywany mugihe umutwe w' ikirajishinga biri mukiringo c' ingingo ya sentare y' uburezi bw' ugukingirwa.